JESUS
316

# Who bi Jesus?

**Who bi Jesus?** Na onli di Bibol give us di ansa wey dey true to dat kweshon. Paul, di Apostol write sey, *"Evry word wey dey Bible, kom from God,"* 2 Timoti 3:16. Di Bibol wey God breathe, from Jenesis rish Revelashon, dey tish sey Jesus na God from etanity wey don pass to etanity wey dey for fushure. Di Bibol tok sey, na En *"bi di Alfa and Omega, di One wey dey since, wey dey naw and wey go still kom,"* Revelashon 1:8. Di Bibol dey see Jesus as God, di kreator, di Grate Shepherd, di Oga, di Redeema, di Lamb of God, di Oga of Ogas, King of kings, Immanuel (God dey with us), Saviour, High Priest, and di Resureshon and di Laif.

**Jesus na di Kreator.** *"Since wen di time start naim di Word dey and di Word dey with God and na God Ensef bi di Word. Na God make evritin and if to sey E nor make dem, dem nor for dey dis world at-all. Den di Word kon shange to pesin and e stay with us for dis world. Wi si en glory wey show sey, naim bi di only pikin wey get korrect favor and trut, wey God send kom meet us,"* wey wi komot from John 1:1-14. *"Bikos God kreate evritin for heaven and eart thru en pikin; both fisical and spiritual tins; weda dem get pawa or dey rule for difren-difren place; God kreate dem thru am and E kreate dem for am."* wey wi komot from Kolossians 1:16-17.

**Jesus na di "I AM".** Jesus, Di Anjel of Oga God koll Moses from Bush wey dey Burn for Exodus 3 (~1,450 BC) and tok abaut Ensef as di grate *"I AM"*. For John 8, Jesus koll Ensef di grate "I AM" who dey bifor Abraham (~2,100 BC) and bifor di pipol wey bi Jew. Di Jew see am as sey En dey klaim sey E bi God and pick stone to take kill Am. Later, Jesus tok sey *"Mi and my Papa, na one,"* John 10:30-31. And di Jew kon pick stones again.

**Jesus dey for inside di Old Testament.** Nor one wey don si God di Papa. John 1:18, 6:46. But, God show to meni pipol for Old Testament bifor E bikom pesin for Jesus bifor dem born Am for Bethlehem. E show as di Anjel of di Oga God to Hagar for Jenesis 16 & 21, to Moses for Exodus 3, to Gideon for Judges 6, and to Samson mama and papa dem for Judges 13. Jesus also show to Abraham for Jenesis 18 & 22 and to Jakob for Jenesis 31 & 32. And dem menshon Jesus sey En bi one of di Trinity for Isaya 48:12-19 (wey dem write abaut 700 BC).

**Jesus na di One wey dem tok abaut bifor.** Ova 300 profesy dem dey for Old Testament, wey dey from hondred years bifor, wey diskrib haw dem take born Jesus, En laif, and death. Som of dos profesy dem for Psalm 22 deskrib haw dem take nail Am for kross (wey dem write abaut 1,000 BC wen to take stone kill pesin na di onli way to take kill pesin). Haw dos profesy for Psalm 22 take hapun dey for rekord for Matiu 27.

**Jesus bikom di God-Man.** Isaya di Profet profesai sey, *"Dem don born one pikin for us! God don give us boy pikin,"* Isaya 9:6. Isaya tok sey dat One go bi di mighty God. Di Son wey dey foreva na En dem give as a pikin wey dem born for Bethlehem. Jesus dey bifor dem born Am – from etanity wey pass. Di titol "Son of God" deskrib En posishon pass En birth. E nor mean sey na wen dem born Am for Bethlehem, naim E kon dey. Paul di Apostol write sey, *"Make una get di same mind wey Christ get: wey bi sey, even doh en with God na di same, e nor boast about am. But e leave evritin wey e get for heaven kon bi like savant. So e kom dis world as human being. E put En body down kon obey God, until Jew pipol kill and nail am for cross,"* Filppians 2:5-8. Jesus bikom man pikin kpatakpata wen E still bi God. Jesus wey dey for etanity bifor enitin dey kom down from Heaven to bikom man pikin, John 3:13, 31, John 6:33-38. Jesus na God and man for di same taim.

**Jesus do mirakols.** Meni of En mirakols dey for di New Testament. E get three wey dey follow wetin E tok sey E bi. E take mirakol feed 5,000 kon tok sey, *"Na mi bi di bread wey dey give life,"* John 6:35. E heal a man wey dey blind afta E tok sey, *"As far as I dey inside dis world, na mi bi di lite for di world,"* John 9:1-8. And E tok sey, *"Na mi bi di resureshon and na mi dey give life. Anybody wey bilive mi go get life even if e don die,"* John 11:25. Den Jesus waka go di grave of En paddy Lazarus who don kpai for four days and koll am back to laif. Jesus heal di sick, krippol, deaf, mute, lepa, and dos wey get evil spirit. E turn wota to wine, waka on top wota, and kalm di sea. Matiu 9:2-7 tok abaut men wey bring a man wey don paralais to kom meet Jesus.

E tok to di man sey *"My pikin, make yu nor fear! God don forgive yu all yor sins."* Rilijios lidas dem dey tink sey E yan dust against God bikos onli God fit forgive sin. Jesus kon ask dem sey, *"Wish one eazy pass to tok, 'I forgive yu yor sins' or 'Stand up make yu waka?' But make una know sey Man Pikin get pawa for dis world to forgive pipol dia sins." So e kon tell di man wey nor fit waka, "Stand up, karry yor bed, make yu dey go yor house." Den di man stand up kon waka go en house."*

**Jesus prove am sey En bi God.** Jesus fulfill Old Testament profesies abaut En birth, laif and death. E do meni mirakols to take show sey E bi God. Na with authority E dey tish. *"Afta Jesus don tok all dis tins, di pipol sopraiz for di wey e dey tish, bikos e tish dem like pesin wey get authority and nor bi as dia law tishas dey do,"* Matiu 7:28-29. And E live laif wey nor get sin. Hibru 4:15, 1 Pita 2:22, 1 John 3:5. Jesus, as God-Man wey nor get sin, E bikom di pafekt Lamb of God for sakrifais on di kross for awa sins dem. *"E karry awa sin for cross, so dat wi go stop to sin and dey do good for God eye."* 1 Pita 2:24.

**Dem nail Jesus for kross and E kon rise from di dead.** *"E nor buy una with sometin wey fit spoil like silva or gold, but na with Christ blood and na dis Christ bi God lamb wey nor get any mark or stain,"* 1 Pita 1:18-19. *"Dem hang am for three kon kill-am. But God raiz am for di third day kon allow pipol si am. All di profets tok about am sey, 'Evribody wey bilive am, thru en name, God go forgive dem,"* Acts 10:39-40, 43. *"Bikos na wetin I receive, naim bi di first important tin wey I give una; sey Christ die for awa sins as dem rite for God word and dem beri am, den God raiz am up afta three days as dem rite for God word,"* 1 Korinthians 15:3-4. Jesus rise komot from grave and meni witness si am bifor E klimb up go Heaven.

**Jesus na di onli way to God.** Jesus tok sey, *"Na mi bi di road, di trut and life. Nobody go fit go meet my Papa, unless e pass thru mi,"* John 14:6. Pita di Apostol tok sey, *"And na en pawa God dey use save pipol, bikos for di whole world, e nor get any oda name wey get pawa to save pipol, like Jesus Christ own," Akts 4:12. Paul di Apostol write sey, "Bikos na only one God dey and na Jesus Christ wey kom as human being, bi di pesin wey dey bring God and human being togeda. E die so dat evribody go dey free,"* 1 Timoti 2:5-6. Di way of Jesus to God dey different from all di oda rilijion dem. Dey nor dey provide solushon to awa sin wahala. Dem dey tish sey if yu jos do good as dem take eksplain good and bad, den dia gods fit ovaluk yor sin and allow yu make yu enta Heaven. Di way of Jesus na as yu biliv in Am, yor sins don dey paid for on di kross and don dey forgiven. With Jesus yu go go to Heaven as pesin wey don dey forgiven. *"God love di pipol wey dey dis world well-well, so E kon send di only pikin wey E get to us, so dat anybody wey bilive am, nor go die, but e go get life wey nor dey end,"* John 3:16.

**Jesus go kom back.** Jesus tok sey, "Make una nor let anytin worry una mind. Since una bilive God, make una still bilive mi. Many rooms dey for my Papa house and I dey go prepare place for una to stay, if nor bi so, I for tell una. Wen I don finish, I go kom take una, so dat una go stay with mi for where I dey," John 14:1-3. And for di final words for di Bibol, Jesus tok sey, *"True-true, I go soon kom!"* John di Apostol kon add, "*Amen Oga God Jesus, make yu kom!*," Revelashon 22:20-21. If Jesus kom today, shey yu dey readi to meet Am? Visit www.Gospel316.org to dey sure sey yu dey readi as yu dey biliv in Jesus and make God forgive yu.

**Jesus na God from etanity wey don pass to etanity wey dey kom.**

**Make yu dey sorpraiz for wonda for di menshon of En name!**

*Who bi Jesus?* © 2025 by John D. Morris III dey poblish by Acts One Eight. Yu fit print, kopy, post, emaill, abi take am send message for free with kontent wey nor change with dis full statement join. Yu fit add yor ministry abi church name abi logo join for di top of paje one and put yor kontat informashon on top di solid laine near di bottom of paje two. Jesus316 dey base on di Bibol onli. E dey to helep pipol kom to faith in Jesus Krist and den make dem grow to bi En discipols. Yu fit email Acts One Eight (for Inglish if e dey possibol) to: Hello@Mail316.org. Translashon savisis for vashon dem wey nor bi Inglish na www.ChristianLingua.com dey provaid am. *Who bi Jesus?* dey availabol for 48 languajis dem for free on www.Jesus316.org. Bibol kwotashon for di Inglish vashon kom from The Lockman Foundation's New American Standard Bible 1995. Bibol kwotashon for dis translashon are from Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible) copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc the PCM.